



NYC
**FREE
TAX PREP**

Trusted,
Professional
Filing

Deklarasyon enpo egzak. Tout kredi yo nèt. Ti biznis ou an merite sa. Pran li.

Si w ap travay pou tèt ou antanke travayè endepanndan, djobè oswa ou posede yon ti biznis, ou dwe fè deklarasyon fiskal *chak ane* epi peye taks yo estime yo *chak trimès*.

NYC Free Tax Prep kapab ede.

Aksè nan resous gratis pandan tout ane a, san wete:

- **Preparasyon taks espesyalize an pèsòn***

- Jwenn èd pou ranpli deklarasyon fiskal chak trimès nan nivo federal epi pou Eta New York la.
- Apati janvye 2025, ranpli yon deklarasyon fiskal ki egzak.

- **Konsiltasyon endividiyèl ak seyans an gwoup**

- Jwenn èd pèsonalize ak zouti byen presi pou biznis ou an.

Dwe genyen \$93,000 oswa mwens (fanmi) oswa \$65,000 oswa mwens (deklaran ki selibatè) ki gen \$250,000 oswa mwens kòm depans biznis.

*Chèche sit an pèsòn ki bay Travayè Endependan/
Moun ki Enskri nan Anèks C yo èd.

- **Atelye**

- Aprann enfòmasyon debaz sou deklarasyon fiskal yo ak pi bon pratik pou kenbe rejis yo.

- **Bwat zouti + lòt**

- Jwenn modèl ak konsèy nan kesyon kenbe rejis. Epitou, ou kapab jwenn aksè gratis nan sèvis ak resous Vil la, pou ede w devlope aktifs ou yo epi agrandi biznis ou an.

Pa gen yon montan maksimal revni oswa depans ki aplike.